



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO PREPARE KAY YO
PANDAN SEMÈN SANSIBILIZASYON SOU MOVE TAN AN**

Semèn sansibilizasyon sou move tan an ap rive jiska 25 avril

*468,000 Nouyòkè resevwa fòmasyon atravè evènman Kò Preparasyon Sitwayen
depi ane 2014*

Jwenn yon fòmasyon Kò Preparasyon Sitwayen Eta Nouyòk ki toupre w [isit la](#)

*Enskri pou resevwa mesaj tèks sou meteyo ak alèt ijans lè yo voye mesaj nan
nimewo 333111*

Gouvènè Kathy Hochul te mete aksan jodi a sou kòmansman Semèn Sansibilizasyon sou Move Tan nan Eta Nouyòk, lè li ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran mezi pou prepare tèt yo ak fanmi yo pou lè move tan frape. Youn nan pi bon fason pou yo rete prepare se lè yo pran yon kou Kò Preparasyon Sitwayen (Citizens Preparedness Corps, CPC) Eta Nouyòk epi aprann dirèkteman nan men ekspè nan jesyon ijans sou mezi moun ak fanmi yo ta dwe pran pou yo rete an sekirite pandan move tan. Nouyòkè yo ka enskri pou resevwa mesaj tèks sou meteyo ak alèt ijans lè yo voye non konte oswa minisipalite yo nan nimewo 333111.

"Pandan n ap selebre Semèn Konsyantizasyon sou Move Tan, mwen ankouraje chak Nouyòkè pou yo pran mezi pwo-aktif pou pwoteje tèt yo ak kay yo anvan yon katastwòf frape", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Preparasyon se pi bon defans nou. Kit se enskri pou alèt ijans lè w voye yon mesaj tèks bay konte w la oswa minisipalite w lan nan 333111 oswa ale nan yon kou Kò Preparasyon Sitwayen pou aprann dirèkteman nan men ekspè yo, pran mezi senp sa yo kounye a ka fè tout diferans lan nan kenbe fanmi w an sekirite lè move tan frape."

Kò Preparasyon Sitwayen Eta Nouyòk la, ke Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta Nouyòk ak Gad Nasyonal Nouyòk (New York National Guard, DMNA) administre, te etabli an 2014 pou fòme Nouyòkè òdinè yo sou kijan pou yo prepare pou ijans ak katastwòf, reponn imedyatman epi rekipere pi vit posib kondisyon anvan katastwòf yo. Depi pwogram nan te kòmanse, 468,000 Nouyòkè te resevwa fòmasyon atravè evènman sa yo.

Komisè pa Enterim Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services), Terry O'Leary, te deklare, "Pandan yon ijans move tan, chak segonn konte. Ou pa ka prepare pou yon ijans pandan ijans lan, sa ki fè planifikasyon davans enpòtan pou kenbe tèt ou ak moun ou renmen yo an sekirite. Fè yon plan, prepare yon kit epi enskri pou alèt ijans pou rete enfòmè sou sa ki ka rive ou."

Pandan yon fòmasyon Kò Preparasyon Sitwayen, patisipan yo aprann sou kat etap yo ta dwe konnen epi swiv pou konplete anvan yon katastwòf frappe:

- **Prepare yon plan** pou ou ak fanmi ou lakay, lekòl, nan travay ak anplennè. Idantifye yon plas sekirite pou jwennabri epi konnen ki mezi pou pran lè yo emèt yon avètisman ijans. Konsidere bèt kay yo lè w ap planifye pou yon ijans.
- **Bati yon twous** pwovizyon ijans ki dire omwen 10 jou. Mete flach, radyo meteyo ak pil siplemantè. Ou ta dwe genyen yon twous chak pou kay ou ak machin ou. Planifye pou nenpòt bezwen medikal fanmi ou ka genyen. Kenbe founiti ijans pou bèt kay.
- **Rete branche** estasyon televizyon ak radyo yo pou mesaj Sistèm Alèt Ijans (Emergency Alert System, EAS) yo epi swiv nenpòt òdonans ijans lokal yo bay. Resevwa enfòmasyon ijans dirèkteman sou telefòn selilè ou lè w voye yon mesaj tèks nan konte oswa minisipalite w lan nan 333111.
- **Vizite biwo jesyon ijans lokal ou** pou aprann plis sou fason pou pwoteje tèt ou ak fanmi w. Konsidere fè volontarya nan òganizasyon tankou Lakwa Wouj Amerikèn, New York Cares oswa Salvation Army.

Gen plis konsèy sekirite pou move tan ki disponib sou [sitwèb DHSES la](#).

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES la](#), swiv [@NYSDHSES sou X](#) oswa ale sou [dhSES.ny.gov](#).

Resevwa mesaj tèks alèt ijans ak meteyo an tan reyèl dirèkteman sou telefòn ou. Voye yon mesaj tèks ak non konte oswa katye ou rete a nan 333111 pou enskri kounye a. Aprann plis sou [dhSES.ny.gov/emergency-alerts](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](#) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)